



Pou Piblikasyon Imedya: 19/06/2023

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

**GOUVÈNÈ HOCHUL PIBLIYE PWOKLAMASYON POU OBSÈVASYON
JUNETEENTH**

Drapo Liberasyon Nwa a pral flote sou Kapitòl Eta New York

Moniman Eta yo pral limen nan koulè wouj, nwa ak vèt

Li pwoklamasyon an [isit la](#)

Gouvènè Kathy Hochul te pibliye jodi a yon [pwoklamasyon](#) nan obsèvasyon Juneteenth lan. Gouvènè a te anonse tou ke Drapo Liberasyon Nwa ki gen koulè wouj, nwa ak vèt la pral monte sou Kapitòl Eta New York jodi a, lendi 19 jen, epi moniman yo nan Eta a pral limen nan koulè wouj, nwa ak vèt.

"Jodi a nan Juneteenth lan, n ap komemore emansipasyon Afriken nan esklavaj yo ak desandan yo nan peyi sa a ak onore istwa kominote nwa a", **Gouvènè Hochul te deklare.** "Ann tounen angaje tèt nou nan batay pou jistis rasyal ak ekite epi kontinye bati yon avni ki pa gen rasis, diskriminasyon ak rayisman".

Nan 19 jen 1865, twoup Inyon yo te rive nan Galveston, Texas nan fen Lagè Sivil la pou libere rès esklav Afwo-Ameriken yo ki te nan esklavaj, prèske de ane edmi apre Abraham Lincoln te pibliye Pwoklamasyon Emansipasyon an. 19 jen souvan konsidere kòm fen ofisyèl esklavaj nan Etazini ak dezyèm Jou Endepandans nasyon an.

Gouvènè a te anonse ke 14 moniman nan Eta a pral limen ak koulè wouj, nwa ak vèt jodi a, lendi 19 jen, pou selebre Juneteenth lan:

- One World Trade Center
- Governor Mario M. Cuomo Bridge
- Kosciuszko Bridge
- The H. Carl McCall SUNY Building
- State Education Building
- Alfred E. Smith State Office Building
- Empire State Plaza
- State Fairgrounds - Main Gate & Expo Center
- Niagara Falls

- Albany International Airport Gateway
- Lake Placid Olympic Center
- MTA LIRR - East End Gateway at Penn Station
- Fairport Lift Bridge over the Erie Canal
- Moynihan Train Hall

###

Lòt nouvèl disponib sou sit www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)